*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№88 (26540)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 22 май — зæрдæвæрæны мæйы 22 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НИЧИ ФЕРОХ, НИЦЫ ФЕРОХ
*Тедтойты хъæбатыр æфсымæртæ*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ДИССАГ ФАРСТА
*Мадæлон æвзаг – мадау адджын!*

**Фембæлд**

# Электрон тыхæй æфсадыны фарстатæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ Уæрæсейы Федерацийы энергетикæйы министры хæдивæг Петр КОНЮШЕНКО Дзæуджыхъæуы æрдзырдтой Цæгат Ирыстоны электрон хызты комплексы рæзты фарстатыл.**

Регионы нырыккон уавæрты энергосистемæты куысты фæдыл фембæлды ма архайдтой Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары хæдивæг **Владимир Надыкто** æмæ компани «Россети Северный Кавказ»-ы генералон директор **Роман Левченко**.

Уæлдай æргом аздæхтой ифтонггæрзты тынгады рæстæг фæлхасгæнджыты æнæкъуылымпытæй электрон тыхæй æфсадыны, стæй электрон хызты комплексы фидардзинады мадзæлтты фарстатæм.

Сæрмагондæй æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой электрон хызты нормæйæ фылдæр электрон тыхы сæфтытыл. Æмткæй райсгæйæ, куыд фæбæлвырд кодтой, афтæмæй, фæстаг фондз азы компани «Россети Северный Кавказ»-ы электрон хызты сæфтыты программæмæ гæсгæ, регионты бантыст уыцы сæфтытæ фæкъаддæр кæнын 660,4 милуан киловатт сахаты бæрц, сæ аргъ – 2,2 миллиард сомы.

Уымæй уæлдай ма æркастысты фæлхасгæнджыты æхца фидыны, республикæйы электрон хызты инфраструктурæйы рæзт æмæ модернизацийы, Цæгат Кавказы федералон зылды иугонд уæйгæнæн компани саразыны фарстатæм.

Петр Конюшенко ма бабæрæг кодта дæлстанцæ «Владикавказ-1». Уæрæсейы энергетикæйы министры хæдивæг базонгæ, энергообъектæй куыд пайдагонд цæуы, инвестицион æмæ цалцæггæнæн программæтæ куыд æххæст кæнынц, уыдæттимæ, стæй фембæлд кусджытимæ.

**Æмбырд**

# Ædасдзинадмæ – лæмбынæг цæстдард

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО цы æмбырд сарæзта Æнæнхъæлæджы цаутæ æмæ зынгсирвæзтытæ ма 'руадзыны республикон къамисæн, уым æркастысты ног ахуыры размæ ахуыргæнæндætты цæттæдзинады, хи найæн афоны доны объекты ædасдзинады, стæй 2026 азы сывæллæтты æнæниздзинад фидардæргæнæн кампанийы фарстатæм.**

Скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты зынгсирвæзтыты ныхмæ цавæр мадзæлттæ арæзт цæуы, уый тыххæй радзырдта ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ.** Уый куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæйы æппæт муниципалон ахуырадон уагдæттæ æмæ рæвдауæндæтты дæр ис зынгсирвæзтыты ныхмæ сигнал дæттыны автоматикон системæтæ. Лæмбынæг цæстдард цæуы, 2026 азы бындуронæй кæй цалцæг кæнынц, уыцы ахуырадон артдзæстытæм, уыдон та сты 35 организацийы. Куыстыты рæстæг уæлдай æргом здахынц зынгсирвæзтытæй хъахъхъæныны системæтæ нырыккон уагыл сифтонг кæнынмæ.

Ædасдзинадыл дзуапдæттæг ведомствæтæй Сергей Меняйло бадомдта æппæт мадзæлттæ сарæзын республикæйы ахуырадон уагдæттæ ног ахуыры азмæ бацæттæ кæнынæн. Регионы Сæргълæууæг цæстдарæг оргæнтæн бафæдзæхста æрмæст хъæндзинæдтæ рабæрæг кæнын нæ, фæлæ сæ ма 'руадзыныл разæнгардæй архайын.

«Курын республикæйы цæстдарæн оргæнтæй, Ахуырад æмæ наукæйы министрадæй, стæй муниципалон скондты сæргълæуджытæй иумæйаг хъарутæй объектты ædасдзинад æмæ зынгсирвæзтытæй бахъахъхъæныны фарстатæ лыг кæнын. Сæйрагдæр у къуылымпытæ сбæрæг кæнын æмæ уый тыххæй гæххæтт ныффыссын нæ, фæлæ ахуырадон уагдæтты директортæ æмæ администрациты сæргълæуджытимæ æппæт мадзæлттæ аразын объектты æнæнхъæлæджы уавæртæ ма 'руадзыны тыххæй», – бафиппайдта регионы разамонæг.



Хи найæн афоны агъоммæ къамисы уæнгтæ æрныхас кодтой доны объектты фыдбылызтæ ма 'руадзыны мадзæлттыл. Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы цауты министрады РЦИ-Аланийы сæйраг управленийы хицауы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Николай Иванов** муниципалон скондты сæргълæуджытæн ратта амынддзинæдтæ. Фыццаградон æххæстгæнинаг домæнтæ – сезоны райдайæны агъоммæ фæфылдæр кæнын официалон æгъдауæй адæмы фæлладуадзæн бынæттæ доны раз, хи найын кæм не 'мбæиудадзыг зонын кæнын, хи найын кæм æмбæлы æмæ тæссаг кæм у, уый.

Æнæниздзинад фидардæргæнæн сæрдыгон кампанийы тыххæй дзургæйæ, Алыбегты Эллæ фæбæрæг кодта, ныридæгæн куыст кæй цæуы – ædæппæтæй хъуамæ сæ фæллад суадзой 23 738 сывæллоны. 1 июны республикæйы байгом уыдзысты скъолаты раз лагертæ. Сабитæн сараздзысты æппæт уавæртæ сæ рæстæг пайдайагæй æрвитынмæ, уыдзæн сын æмбæлгæ хæрд, хъахъхъæд цæуыдзысты.

Фæллой æмæ социалон рæзты министры фыццаг хæдивæг **Мамайты Анджелæ** æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, социалон æгъдауæй æххуысхъуаг бинонты сывæллæттæн сæ фæллад суадзын сæ бон кæй уыдзæн республикæйы фæзуаты фараст стационарон фæлладуадзæн æмæ дзæбæхгæнæн организацийы. 2026 азы Сау денджызы былгæрон традицион фæлладуагъд рæстæгмæ урæд æрцыд æнæзæрдæмæдзæугæ экологион уавæры аххосæй. Уый бæсты сабитæн балцæгтæ ратдзысты кавказаг æндæр курорттæм, уым сæ бон уыдзæн æрмæст сæ фæллад суадзын нæ, фæлæ ма се 'нæниздзинад фæфидардæр кæнын дæр.

Кæронбæттæны лæвæрд æрцыдысты æппæт объекттæ æмæ службæты цæттæдзинады хæрзхъæддзинад æмæ ædасдзинадæн хъæугæ мадзæлттæ саразынæн бæлвырд фæдзæхстытæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Парламенты Советæй**

# Адæмæн – царды аккаг уавæртæ

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд амыдта йæ Сæрдары фыццаг хæдивæг ТХОСТАТЫ Мурат.**

Депутаттæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст республикон закъонты проекттæ æмæ закъонæвæрынадон хъæппæристæ.

«Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Паддзахадон гимны тыххæй» закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны проекты фæдыл раныхас кодта Парламенты закъонæвæрынад, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Аслан**. Документ куыд амоны, афтæмæй нырæй фæстæмæ Парламенты æмбырдтæ алы хатт дæр райдайдзысты нæ республикæйы паддзахадон гимнæй.

Хъалонтæ æмæ бюджетон политикæ нывылгæнæг къорд закъоны проекты Советы уæнгтæн сæ размæ рахаста Парламенты бюджет, хъалонтæ, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег**. Закъонты проекттæй иу – «2025 азы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджет сæххæст кæныны тыххæй» закъоны проект. Документ æрныхас ыл кæныны тыххæй Парламентмæ барвыста нæ республикæйы Хицауад, æмæ дзы амынд æрцыдысты бюджеты сæйраг бæрæггæнæнтæ. Афтæ, ивгъуыд азы бюджеты æфтиæгтæ уыдысты 52, 244 милуан сомы, хæрдзтæ – 56,023 милуан сомы, бюджеты кадавар рауад 3,779 милуан сомы. Хæдарцаты Аслæнбег куыд фехъусын кодта, афтæмæй республикон бюджет сæххæст кæныны фæдыл арæзт æрцæудзысты æхсæнадон байхъуыстытæ фæсауоунмæ хуызы.

Советы уæнгтæ байхъуыстой «2019-2025 азты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы территорийы кæлæддзаг хæдзæрттæй адæмы ног цæрæнбынæттæм раивыны» республикон программæ æххæст кæныны хатдзæгты тыххæй» Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрады хъусынгæнинагмæ. Раныхасгæнæг – министры хæдивæг **Надгериты Батрадз** бæстон æрдзырдта, программæ уыцы азты куыд æххæстгонд цыд, ууыл. Куыд загъта, афтæмæй программæйы фыццаг уал архайдтой, 2017 азы 1 январмæ кæлæддзагыл нымад чи æрцыд, горæт Дзæуджыхъæуы, Дыгуры, Мæздæджы æмæ Рахизфарсы районты уыцы 43 бирæфатерон хæдзары. Программæйы ацы хай сæххæст кæныны æмгъуыд уыд 2025 азы сентябрмæ. Фæлæ йæ сæххæст кодтой раздæр – 2023 азы кæрон, цæмæй программæйы иннæ хай æххæст кæнын райдайой æмæ, 2017 азæй фæстæдæр кæлæддзагыл нымад цы хæдзæрттæ æрцыд, уыдоны цæрджыты цæрыны уавæртæ дæр раивой. Уый тыххæй 2025 азæй пайда кæнын райдыдтой программæ царды уадзыны ног фæрæзтæ æмæ гæнæнтæй.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты цæрæнуатон-комуналон хæдзарад æмæ арæзтадон политикæйы фарстаты фæдыл комитеты сæрдар **Остъаты Георги.** Йе 'ргом аздæхта, хъуыддаджы цы æнæлыггонд фарстатæ æмæ къуылымпытæ ис, уыдонмæ. «Адæмы сæ кæлæддзаг хæдзæрттæй ног цæрæнбынæттæм раивыны хъуыддагæн цы фæрæзтæ радих кæнынц, уыдон афæдзæй-афæдзмæ кæнынц къаддæр. Ахæм кæлæддзаг хæдзæрттæ ацы азы райдайæнмæ æрмæст Дзæуджыхъæуы уыд 47, сæ иумæйаг фæзуат – 66,837 квадратон метры. Æмæ уыдонæй æрмæстдæр æртæ хæдзары цæрджытæн лæвæрд æрцæудзæн ног цæрæнбынæттæ», – загъта Остъайы-фырт. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, хъуыддаг сæххæт кæнын домы ног мадзæлттæ.



Раныхæсты фæдыл фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тхостаты Муратмæ, депутаттæ **Джиоты Георги** æмæ **Киситы Муратмæ.**

Советы уæнгтæ ма цы закъонты проекттæ равзæрстой, уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Качараты Олег, Реуазты Ларисæ**, Киситы Мурат, Джиоты Георги.

Советы уæнгтæ сфидар кодтой РЦИ-Аланийы Парламенты фæндзай дыккæгæм æмбырды боны фæтк.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ, къам систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

## Дзырды фарн

*Иунæг Хуыцау сабыр у, –*
*иу хатт махмæ дæр ракæсдзæн.*

*МАМСЫРАТЫ Темырболат*

Боныхъæд — Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **22 майы** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **12-20 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,53
Хурыскаст — 04,31
Хурныгуылд — 19,24

Валютæйы аргъ
Доллар — 73,34
Евро — 86,09

12 +

Ничи ферох, ницы ферох

# Тедтойты хъæбатыр æфсымæртæ

**Фыдыбæстæйы Стыр хæст... Лæгæвзарæн хæст. Ахæм хъæу, ахæм мыггаг æмæ хæдзар нæ уыд, йæ сау базырæй кæй нæ басыгъта. Райгуырæн зæхх знагæй бахъахъхъæнынмæ фыццагдæртимæ тохы быдырмæ араст кодтой хъæдгæройнаг læппутæ Тедтойты Темырболат æмæ Æхсарбег дæр. Уыдысты æрвадæлтæ.**

Æртæ æфсымæры æмæ хо хъомыл кодтой Тедтойты Тимофей æмæ Машайы хæдзары. 1934 азы хъæууон скъола каст куы фæци, уæд Темырболат ахуырмæ бацыд Хæххон-металлургон техникуммæ, фæстæдæр та сси Буденныйы номыл электротехникон æфсæддон академийы радиобастдзинады факультеты студент. Æртыккæгæм курсы ахуыр кодта, афтæмæй æрыгон læппуйы арвыстой æфсæддон цыбыр рæстæгмæ ахуыртæм. Ныгуылæйнаг арæнтыл уавæр тæссаг кæй у, уый сусæггаг нал уыд, æмæ 1941 азы мартъийы йæ службæ ахæццæ кодта Ленинграды æфсæддон зылды бастдзинады 293-æм хицæн батальоны.


ТЕДТОЙТЫ Темырболат

Снысан æй кодтой взводы командирæй. Уыцы рæстæг Темырболат сси Коммунистон партийы уæнг. Йæ хæстон фæндæгтæ райдыдта радиостанцæйы хицауæй, хъæбатырдзинад равдыста Карелы, æмæ 4-æм Украинаг фронты. 1943 азы августы Темырболаты снысан кодтой лыжæтыл бырæг бригады хицауæй, немыцаг фашистты дæрæн кодта, хицæн хæххон-æхсæг бригадæн разамынд дæтгæйæ.

Тедтойты Темырболатæн йæ хъæбатырдзинады тыххæй лæвæрд æрцыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты I æмæ II къæпхæны ордентæ, Сырх Стъалыйы æртæ ордены, 19 майданы, уыимæ, Монголы æмæ Польшæйы паддзахадон ордентæ дæр.

Фæцис хæст, фæлæ Тедтойыфырт йе 'фсæддон хæс кæронмæ хаста. Æнтыстджынæй каст фæцис академи, куыста бирæ бæрнон бынæтты, Советон Цæдисы Хъахъхъæнынады министрады. Бирæ азты Темырболат йæ зонындзинæдтæ, йæ фæлтæрддзинад æнæвгъауæй лæвæрдта курсанттæн, Фрунзейы номыл æфсæддон академийы хистæр ахуыргæнæг, стæй бастдзинады кафедрæйы хицау уæвгæйæ. Саккаг ын кодтой инæлар-майоры цин.


ТЕДТОЙТЫ Æхсарбег

Æфсæддон наукæты кандидат, профессор, 51 наукон куысты, кибернетикæ æмæ информатикæйы тыххæй чингуыты автор — ахæм рæсугъд æмæ пайдайаг фæд ныууагъта Темырболат. Æмæ кæд цæргæ Мæскуыйы кодта, уæддæр ын Ирыстонæй уарзондæр бынат нæ уыд. 1990 азы, апрелы йæ цардæй ахицæн. Мæскуыйы цæрынц йæ фырттæ Алыксандр, Сергей æмæ Константин. Сæрыстыр сты хъæдгæройнæгтæ сæ хъæбатыр æмзæххонæй. Хъæуы уынгтæй иу хæссы инæлары ном. Кæддæр Тедтойты бинонтæ цы хæдзары цардысты, уый къулыл фидаргонд ис бронзæйæ конд номарæн къæй.

Цымыдисаг рауад йæ цардвæндаг Тедтойты Мискайы фырт Æхсарбегæн дæр. Хъæдгæроны скъолайы авд къласы куы фæцис, уæд уый дæр ахуырмæ бацыд Хæххонметаллургон техникуммæ æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис. Йæ хъысмæт хъæукkаг læппуйы фæхуыдта Ленинградмæ, уæд 1-æм медицинон институты байгом æфсæддон-денджызон факультет. "Æнцон кæм уыдаид ахæм институты ахуыр кæнын, фæлæ мæ зæрдыл дардтон мæ фыдыфыд Дзаккойы ныхæстæ. Уыдис уырыссаг-туркаг хæсты архайæг, Георгийы дыууæ дзуары кавалер. Загъта мын, æгаддзинад дæ сæрмæ макуы æрхæсс, хиуылхæцын фæраз, зивæг ма кæн, кад кæн дæхицæй хистæрæн, афтæмæй ирон лæджы ном бæрзонд хæсс", — бирæ азты фæстæ-иу æрымысыд Æхсарбег.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст æмæ Ленинграды блокадæйы рæстæг Æхсарбег хъæбатырæй хъахъхъæдта Ленины горæт, медицинон æххуыс кодта цæфтæ æмæ рынчынтæн. Дохтыртæ-хирургтæ нæ фаг кодта хæсты рæстæг, æмæ уæд институт эвакуацигонд æрцыд горæт Кировмæ. 1942 азы Æхсарбегæн раттой дохтыры диплом æмæ йæ арвыстой Хъаспийы Сырхтырысаджын флоты санитарон-транспортон науы хирургæй. Знаджы нæмгуытæ йæ сæрты тахтысты, афтæмæй-иу бонмæ скодта цалдæр операцийы.

Фæллад хæстон лæг 1948 азы йæ зонындзинæдтæ уæлдæр кодта Æппæтуæрæсеон медицинон академийы. Куыд фæлтæрдджын хирург, афтæ Æхсарбеджы баурæдтой академийы хистæр ординаторæй. 1963 азы бахъахъхъæдта кандидатон диссертаци æмæ сси доцент. Йæ иузæрдион куысты тыххæй йын стыр кад уыд адæмы 'хсæн. Кæмфæнды дæр-иу сæрыстырæй загъта, æз ирон læппу дæн, зæгъгæ.

Пенсимæ куы рацыд, уæд Æхсарбег бирæ азты æнтыстджынæй куыста Ленинграды онкологион диспансеры уæлдæр къæпхæны хирургæй. Цал æмæ цал адæймаджы байста мæлæты дзæмбытæй, цас æмæ цас арфæтæ фехъуыста йæ раздæры рынчынтæй!

Хæсты æмæ фæллойы ветеран, медицинон службæйы булкъон Тедтойты Æхсарбег хорзæхджын æрцыд Сырх Стъалыйы, Фыдыбæстæйы хæсты æмæ "Кады нысан"-ы ордентæй, стæй бирæ юбилейон майдантæ æмæ Кады гæххæттытæй. Йæ цардæмбал Богъаты Риммæимæ схъомыл кодтой хорз кæстæртæ.

2000 азы Æхсарбег ахицæн йæ цардæй. Стыр кадимæ йæ баныгæдтой Бетъырбухы. Хистæрты фарн дарддæр хæссынц мыггаджы ног фæлтæртæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Социалон фондæй

# Ноггуырдæн – иурæстæгон пособи

**Бинонтæн, сæ исбоны уавæр æмæ се 'фтиæгты бæрц нæ нымайгæйæ, сывæллоны райгуырды рæстæг иурæстæгон пособи сæвæрынц.**

Ацы азы райдианæй нырмæ амынд пособи райстой 1,4 мин цæгатирыстойнаг бинонтæ (уыимæ – чи нæ кусы, уыцы ныййарджытæ дæр). Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад ацы хъуыддагæн радих кодта 39,5 милуан сомы.

Ацы аз 28450 сомы кæй бæрц у, уыцы фиддон дæттынц ныййарджытæй иуæн (æфтиаджы бæрц нæ нымайгæйæ). Бинонтæн кæд цалдæр сывæллоны райгуыра, уæд пособи фидынц алы ноггуырдæн дæр.

– Кусæг ныййарджытæн пособи сæвæрынц проактивон уагæй (ома, курдиат æрвитыны хæс æвæрд сыл нæ вæййы), ЗАГС-ы оргæнтæй Социалон фонды хайадмæ чи æрбафты, сывæллоны райгуырды тыххæй уыцы бæрæггæнæнтæм гæсгæ. Æхца бафидынц æппæт хъæугæ бæрæггæнæнтæ райсыны фæстæ дæс кусгæ боны æмгъуыдмæ, – зæгъы УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан**.



Бинонты дыууæ ныййарæджы дæр кæд кусынц, уæд пособи адонæй иумæ барвитдзысты. Зæгъæм, кæд æрмæст фыд кусы, уæд æм фиддон бафтдзæн.

Социалон фонды республикон хайады клиентон службæмæ, кæнæ портал «госуслуги»-йы фæрцы барвитын кæй хъæуы, чи нæ кусы, уыцы ныййарджытæн пособи бафидынц ахæм курдиатмæ гæсгæ. Ацы хъуыддаг баххæст кæнын хъæуы сывæллоны райгуырдæй 6 мæйы æмгъуыдмæ. Пособи сæвæрыны тыххæй уынаффæ дæр рахæссынц 10 кусгæ бонмæ.

Архайæг фæткмæ гæсгæ, материалон æххуыс фидын хъæуы æвджидгæнджытæ æмæ сывæллоны хъомыл кæнынмæ райсæг адæймæгтæн дæр.

Фарстытæ кæд баззадысты, уæд уæм ис Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт-центрмæ **8-800-100-00-01** телефонæй лæвар фæдзурыны бар (Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады линийы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ – **9.00 сахатæй 18.00 сахаты онг, майрæмбоны та – 9.00 сахатæй 16 сахаты æмæ 45 минуты онг)**.

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

Историйы сыфтæ

# Хъуыстгонд сгарæг

**Адæм таурæгъон сгарæг Николай Кузнецовы тыххæй бирæ алыхуызон æрымысгæ хабæрттæ дзурынц. Знаджы фæсчъылдымы уæвыны заман æрхъуыдыдзинад æмæ ныфсхастдзинады фæрцы хæстон хæслæвæрдтæ æнæкъуыхцыйæ чи æххæст кодта, журналисттæ амынд сгарæджы æвдисынц ахæм фæлтæрдджын адæймагæй.**

Кузнецов немыцагау иттæг хорз цæй фæрцы дзырдта, уый тыххæй алыхуызон ныхæстæ фехъусæн ис. Партизанты къорд «Победители»-йы командир Дмитрий Медведев йæ чиныг «Это было под Ровно»-йы куыд фыссы, афтæмæй знаджы фæсчъылдыммæ барвитыны заман Уралæй рацæуæг лæппулæг иттæг хорз зыдта немыцаг æвзаг. Хуымæтæг кусджыты хæдзары схъомылуæвæг Николай фæсарæйнаг æвзаг афтæ хорз цæй фæрцы зыдта, зæгъгæ, ахæм фарстæн бæлвырд дзуапп нæй. Иуæй-иуты ныхасмæ гæсгæ, паддзах Николай Дыккаджы ус Александрæйы хæстæджытæй иу сылгоймаг уыд фидæны фæлтæрдджын сгарæджы зондамонæг. Ацы хабар документалон уагæй кæд ничи бавдыста, уæддæр, Кузнецов немыцагау æнцонæй кæй дзырдта, уый бæлвырд у.

Сгарæджы официалон биографф, Æдасдзинады паддзахадон комитеты булкъон Теодор Гладков йæ чиныг «Легенда советской разведки Н. Кузнецов»-ы куыд фыссы, афтæмæй, фидæны сгарæг куы райгуырд, уæд ыл сæвæрдтой ном «Никанор», фæлæ фæстæдæр ацы ном раивтой «Николай»-мæ. Ивгъуыд æнусы æртынæм азты кæрон Кузнецовы фæаххосджын кодтой Советон Цæдисы ныхмæ дзурынæй æмæ йæ цалдæр мæйы дæргъы ахæстоны фæдардтой. Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады кусджытæ се 'ргом Николайы æвзагзонынады курдиатмæ аздæхтой, æмæ фæстæдæр ацы нæлгоймаг ацы ведомствæйы сусæггаг кусджытæй иу ссис.



«Немыцаг Рудольф Шмидт», зæгъгæ, афтæ кæй схуыдтой, уыцы Кузнецов æрцард Мæскуыйы æмæ йын дипломаттимæ бастдзинад фæзынд. Æцæгæлон номимæ кусгæйæ, Николай Райгуырæн бæстæйæн пайдайаг хабæрттæ æмбырд кодта.

Таурæгъон инæлар-лейтенант Павел Судоплатов разамынд кæмæн лæвæрдта, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны Кузнецов службæ кæнын райдыдта Советон Цæдисы Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады ахæм сæрмагонд къорды. Афтæмæй сгарæгæй рауад обер-лейтенант (ома, кæстæр афицер) Пауль Зиберт (райдайæны – «тæхæг», фæстæдæр та – «фистæг æфсæддон»). 1942 азы сæрды Кузнецовæн фæзынд бастдзинад украинаг горæт Ровномæ 'ввахс архайæг партизанты къорд «Победители»-имæ. Вермахты афицеры æфсонæй Зиберт йæхиуыл бауæндын кодта немыцаг æфсæддонты æмæ афтæмæй партизантæм рæстæгæйрæстæгмæ ахсджиаг хабæрттæ æрвыста.

Кузнецов цалдæр вазыгджын операцийы баххæст кодта. Сгарæг уацары кæй райста, уыцы «пайдайаг» немыцаг афицеры руаджы советон сгарджытæ базыдтой, Гитлеры бункер «Вервольф» кæцы ран ис, уый. 1943 азы сæрды немыцаг æфсæдтæ Курскмæ 'ввахс ран размæ бырсын кæй райдайдзысты, Кузнецов уый тыххæй дæр ахсджиаг хабæрттæ самал кодта.


Кузнецов (крайний слева) с немцами в оккупированном Ровно, 1942 г.

Уыцы аз Кузнецовы разамындæй партизантæ цалдæр хатты Украинæйы рейхскомиссар Эрих Кохы амарынмæ бахъавыдысты. Ацы хъуыддаг кæд нæ фæрæстмæ, уæддæр советон сгарæджы æххуысæй «хъахъхъæнæг къордты» командир Макс Ильген æмæ Украинæйы рейхскомиссариаты стыр бынатахсæг оберфюрер (ома, булкъон) Альфред Функ иуварсгонд æрцыдысты.

СС-йы штурмбаннфюрер (ома, майор) Ханс Ульрих фон Ортелимæ баст хъуыддаг Кузнецовы сгуыхтдзинæдты номхыгъды ахсы сæрмагонд бынат. Тегераны саразинаг конференцийы заман немыцаг диверсанттæ Советон Цæдисы, Америкæйы Иугонд Штаттæ æмæ Англисы разамонджыты амарынмæ кæй хъавынц, Кузнецовимæ карз нозт нуазыны рæстæг уыцы афицер уый тыххæй хабæрттæ раргом кодта. Немыцаг афицерæй ист хабæртты фæрцы марджытæй уыцы паддзахæдты разамонджыты бахизын бантыст.

Фæстагмæ гауптманы (ома, кæстæр афицер) цин кæмæн раттой, уыцы «Пауль Зиберт» немыцаг æфсады стыр бынæттæахсæг цалдæр адæймаджы аиуварс кодта.

1944 азы горæт Львовмæ 'ввахс Николай Кузнецовы æмæ немыцы фарсхæцæг украинаг æфсæддонты æхсæн чи рауад, уыцы гæрзифтонг быцæуы заман фæлтæрдджын советон сгарæг æвирхъауæй фæмард.

**Æрмæг бацæттæ кодта Олег АПРЕЛЕВ**

## Æнæмæлгæ полкъ




ГУЫТЪИАТЫ Владимир


ГУЫТЪИАТЫ Гацыр


ГУЫТЪИАТЫ Георги


ДЗГОЙТЫ Алихан


ДЗГОЙТЫ Беслæн


ДЗГОЙТЫ Елæмырзæ


ДЗГОЙТЫ Зелимхан


ДЗГОЙТЫ Тасолтан


ДЗИУАТЫ Хъазыбег


ДЫГУРЫ Дæбе


ДУДАЙТЫ Григори


ЗÆНДЖИАТЫ Газак

# Программа телепередач с 25 по 31 мая

## 25 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Потерянная жизнь» 16+
00.05 Время героев 16+
01.05, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «Кулагины. Новые серии» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Когда горит огонь» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Извозчик» 16+
22.15 Т/с «Гений» 16+
00.35 «Ч.Т.Д» с Маргаритой Симоньян 16+
01.10 Т/с «Золото» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.30, 06.15, 06.55 Т/с «Великолепная пятерка» 16+
07.40, 09.30 Т/с «Великолепная пятерка-6» 16+
08.05 Фирменный рецепт 12+
08.40 Знание-сила 12+
09.55, 10.40, 11.30, 12.20, 13.30, 13.40, 14.30, 15.20, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.35, 21.25, 02.05, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 23.05, 00.30 Т/с «Свои-6» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
01.15 Т/с «Свои-5» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Д/ф «Первые в мире» 16+
07.35 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.15 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
08.45 Х/ф «Анонимка» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.15 ХХ Век 16+
12.45 Новости Подробно. Арт 16+
13.00 Д/ф «Траектория судьбы» 16+
13.35 Х/ф «Чистое небо» 12+
15.25 Агора 16+
16.30 Передвижники. Василий Перов 16+
17.15 Д/ф «Муса Джалиль. Поэт и Герой» 16+
18.10 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Д/ф «Вся красота в прямой линии» 16+
21.35 Сати. Нескучная классика... 16+
22.15 Х/ф «И это все о нем» 12+
23.30 Д/ф «Вначале было дело, или История русской промышленности» 16+
00.20 Ступени цивилизации 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Команда мечты 12+
06.30, 16.45 Неизвестные страницы Кубка мира 12+
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.35, 19.40, 23.40 Все на Матч! 12+
09.05 По домам. Мирослав Ромащенко 12+
09.25 Хоккей. Чемпионат мира. Словакия-Канада. Трансляция из Швейцарии 12+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25 Смешанные единоборства. UFC. Стивен Томпсон против Кевина Холланда. Сергей Павлович против Тая Туивасы. Трансляция из США 16+
15.30 Громко. Прямой эфир
17.15 Хоккей. Чемпионат мира. Чехия-Норвегия. Прямая трансляция из Швейцарии
20.10 Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура 6+
21.15 Хоккей. Чемпионат мира. Германия-Великобритания. Прямая трансляция из Швейцарии
00.55 Профессиональный бокс. Денис Лебедев против Йоури Каленги. Трансляция из Москвы 16+
01.55 Д/ф «Сестры Уильямс» 16+
02.55 Лучшие из лучших 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из Китая 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Смех, дрожь и видео 16+
08.50 Х/ф «Абонемент на расследование» 16+
10.40, 00.30 Петровка, 38 16+
10.50 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 03.00 Т/с «Смерть в объективе» 12+
13.45, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Вера больше не верит в совпадения» 16+
16.55 Прощание 16+
18.10 Х/ф «Чувство правды» 12+
22.35 10 самых... 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.45 Д/ф «Неизвестный Хрущев» 16+
01.30 Д/ф «Семейные войны» 16+
02.10 Д/ф «Русские тайны» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 04.25 6 кадров 16+
06.35, 05.35 По делам несовершеннолетних 16+
07.40, 04.45 Давай разведемся! 16+
08.40, 02.45 Тест на отцовство 16+
11.00 Д/ф «Прости меня...» 16+
12.00 Д/ф «Беду отведу» 16+
13.05, 01.25 Д/ф «Знахарка» 16+
13.40, 01.55 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.15, 02.20 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.50 Х/ф «В тихом омуте...» 16+
19.00 Х/ф «Сердце Купидона» 16+
23.30 Д/ф «Понять. Простить» 16+
00.30 Д/ф «Порча» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.00, 04.40 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
15.00 Дикий, дикий мир 16+
17.00, 02.40 Тайны Чапман 16+
20.00 Безумные факты 16+
21.00 Х/ф «Девять жизней» 16+
23.25 Х/ф «Последний шанс» 18+

### СТС
05.00, 09.30, 04.20 100 мест, где поесть 16+
07.00 Просто кухня. Лучшее 12+
08.25, 09.00 100 мест и одна кухня 16+
10.35 Х/ф «Девять жизней» 12+
12.20 Суперниндзя. Дети 12+
14.55, 17.00 Т/с «Чудо-доктор» 16+
18.00, 20.00 Т/с «Волшебный участок-2» 16+
20.55 Х/ф «Волна» 16+
23.00 Х/ф «Разлом» 16+
01.05 Х/ф «Напролом» 16+
02.35 Х/ф «Территория зла» 16+

### ТНТ
07.00, 07.25, 08.00, 08.30, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «Интерны» 16+
09.00 Сокровища императора 16+
20.00, 20.30 Т/с «СашаТаня» 16+
21.00, 22.00 Т/с «Универ. 10 лет спустя» 16+
23.00 Х/ф «Битва пап» 12+
00.30 Х/ф «Олень» 16+
02.15, 03.05 Однажды в России. Спецдайджесты 2026 16+
03.50, 04.35 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 26 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Потерянная жизнь» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «Кулагины. Новые серии» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Когда горит огонь» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.30, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное проис=шествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Извозчик» 16+
22.15 Т/с «Гений» 16+
00.35 Захар Прилепин. Уроки русского 16+
01.15 Т/с «Золото» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25 М/ф «В некотором царстве» 0+
05.55, 06.35, 07.15 Они потрясли мир 12+
08.05 Страна советов 16+
08.40 Знание-сила 12+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 21.25, 02.00, 02.40, 03.30, 04.05 Т/с «След» 16+
22.20, 23.05, 00.30 Т/с «Свои-6» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
01.15 Т/с «Свои-5» 16+
04.45 Т/с «Великолепная пятерка» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20, 13.00, 00.15 Ступени цивилизации 16+
08.15, 19.00 Почерк эпохи 16+
08.40, 22.15 Х/ф «И это все о нем» 12+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.10 ХХ Век 16+
12.10 Х/ф «Выигрышный билет» 16+
12.45 Новости Подробно. Книги 16+
13.55, 23.30 Д/ф «Вначале было дело, или История русской промышленности» 16+
14.25 Х/ф «Талант» 12+
15.35 Сати. Нескучная классика... 16+
16.15 Д/ф «Забытое ремесло» 16+
16.30 Д/ф «Коллекция» 16+
17.15 Коллекция Петра Шепотинника 16+
17.55 Д/ф «Слово о словах». «Остаться с носом» 16+
18.10, 02.10 Исторические концерты 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
21.05 Белая студия 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Команда мечты 12+
06.30 Дело № 16+
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.35, 15.30, 19.40, 23.40 Все на Матч! 12+
09.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
09.25 Хоккей. Чемпионат мира. Чехия-Норвегия. Трансляция из Швейцарии 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25 Смешанные единоборства. UFC. Сергей Павлович против Кертиса Блэйдса. Трансляция из США 16+
16.45 Вид сверху 12+
17.15 Хоккей. Чемпионат мира. Швеция-Словакия. Прямая трансляция из Швейцарии
20.10 Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура 6+
21.15 Хоккей. Чемпионат мира. Чехия-Канада. Прямая трансляция из Швейцарии
00.55 Профессиональный бокс. Дмитрий Бивол против Джоуи Вегаса. Трансляция из Москвы 16+
01.55 Д/ф «Сильнейшее карате» 12+
02.55 Лучшие из лучших 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Регби. Кубок России. 1/4 финала. «ВВА-Подмосковье» (Монино)-«Красный Яр» (Красноярск) 12+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Абонемент на расследование» 16+
10.35, 04.40 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.55 Т/с «Смерть в объективе» 12+
13.45 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Вера больше не верит в совпадения» 16+
16.55 Прощание 16+
18.10 Х/ф «Чувство правды-2» 16+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф «Крест на браке» 16+
00.00 События. 25-й час
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф «Настоящий детектив» 16+
01.25 Хроники московского быта 16+
02.10 Д/ф «Тайная комната» 16+
05.25 Москва резиновая 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.35 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.45 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.40 Тест на отцовство 16+
10.45 Д/ф «Прости меня...» 16+
11.55 Д/ф «Беду отведу» 16+
13.00, 01.20 Д/ф «Знахарка» 16+
13.35, 01.45 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.05, 02.15 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Х/ф «Одиночества. net» 16+
19.00 Х/ф «Назови меня любимой» 16+
23.20 Д/ф «Понять. Простить» 16+
00.20 Д/ф «Порча» 16+
04.20 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.10, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Д/ф «Легенды и мифы» 16+
17.00, 02.05 Тайны Чапман 16+
20.00 100 вопросов обо всем 16+
20.45 Х/ф «Ограбление на Бейкер-Стрит» 16+
23.25 Х/ф «Банда Чикаго» 18+

### СТС
05.00, 09.40, 04.25 100 мест, где поесть 16+
07.05 Просто кухня. Лучшее 12+
08.35, 09.05 100 мест и одна кухня 16+
10.35 Х/ф «Еще одна настоящая Любовь» 16+
12.35 Х/ф «Тихая гавань» 16+
14.55, 17.00 Т/с «Чудо-доктор» 16+
18.00, 20.00 Т/с «Волшебный участок-2» 16+
20.50 Х/ф «Отель Артемида» 16+
22.35 Х/ф «Игра на понижение» 16+
01.10 Х/ф «Потерянный рейс» 16+
02.50 Х/ф «Гонка века» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «Интерны» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «СашаТаня» 16+
21.00, 22.00 Т/с «Универ. 10 лет спустя» 16+
23.00 Х/ф «Притворись моим мужем» 16+
00.40 Х/ф «Битва пап» 12+
02.05, 02.50 Однажды в России. Спецдайджесты 2026 16+
03.35, 04.20 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 27 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Курбан-Байрам». Трансляция из Уфимской соборной мечети 16+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Потерянная жизнь» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00 Праздник Курбан-Байрам. Прямая трансляция из Московской Соборной мечети
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
11.30, 21.10 Вести. Местное время
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «Кулагины. Новые серии» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Когда горит огонь» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Извозчик» 16+
22.15 Т/с «Гений» 16+
00.35 Мы и наука. Наука и мы 12+
01.40 Т/с «Золото» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.45, 06.25, 07.05, 07.50, 09.30, 04.35 Т/с «Великолепная пятерка» 16+
08.25 Стройнадзор 16+
09.45, 10.35, 11.25, 12.20, 13.30, 13.40, 14.25, 15.20, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.35, 21.25, 02.05, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 23.05, 00.30 Т/с «Свои-6» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
01.20 Т/с «Свои-5» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20, 13.00, 00.15 Ступени цивилизации 16+
08.15, 19.00 Почерк эпохи 16+
08.40, 22.15 Х/ф «И это все о нем» 12+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.10 ХХ Век 16+
12.10 Кристальные истории 16+
12.45 Новости Подробно. Кино 16+
13.55, 23.30 Д/ф «Вначале было дело, или История русской промышленности» 16+
14.25 Х/ф «Талант» 12+
15.35 Белая студия 16+
17.15 Коллекция Петра Шепотинника 16+
17.55 Д/ф «Слово о словах». «Дело выгорело» 16+
18.10, 02.05 Исторические концерты 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Д/ф «Вячеслав Овчинников. Симфония без конца» 16+
21.30 Власть факта 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Команда мечты 12+
06.30 Неизвестные страницы Кубка мира 12+
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.35, 15.30, 23.40 Все на Матч! 12+
09.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
09.25 Хоккей. Чемпионат мира. Швейцария-Финляндия. Трансляция из Швейцарии 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25 Смешанные единоборства. UFC. Шарабутдин Магомедов против Майкла Пэйджа. Сергей Павлович против Жаирзиньо Розенстрайка. Трансляция из Саудовской Аравии 16+
16.45 Юбилейная торжественная церемония награждения премией Паралимпийского комитета России «Возвращение в жизнь». Трансляция из Москвы 12+
18.20 Бокс. Кубок Победы. Прямая трансляция из Перми
20.45 Д/ф «Зенит навсегда» 16+
00.55 Профессиональный бокс. Дмитрий Бивол против Феликса Валеры. Трансляция из Москвы 16+
01.55 Д/ф «К победам на грани возможного» 12+
02.55 Лучшие из лучших 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Регби. Кубок России. 1/4 финала. ЦСКА-«Динамо» (Москва) 12+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Абонемент на расследование» 16+
10.35, 04.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 03.00 Т/с «Смерть в объективе» 12+
13.45, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Вера больше не верит в принципы» 16+
16.55 Прощание 16+
18.10, 20.05 Х/ф «Чувство правды» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта 16+
00.00 События. 25-й час
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф «Обжалованию не подлежит. Черный» 16+
01.30 Знак качества 16+
02.15 Мифы о еде 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.35 Тест на отцовство 16+
10.45 Д/ф «Прости меня...» 16+
11.55 Д/ф «Беду отведу» 16+
13.00, 01.15 Д/ф «Знахарка» 16+
13.35, 01.40 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.05, 02.10 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Х/ф «Между нами выпал снег» 16+
19.00 Х/ф «Сомнения и прощение» 16+
23.15 Д/ф «Понять. Простить» 16+
00.20 Д/ф «Порча» 16+
04.15 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.10, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Момент в истории 16+
17.00, 02.05 Тайны Чапман 16+
20.00 Наука и техника 16+
20.30 Х/ф «Отель Мумбаи. Противостояние» 16+
23.25 Х/ф «Взломщик» 18+

### СТС
05.00, 09.55, 03.50 100 мест, где поесть 16+
07.20 Просто кухня. Лучшее 12+
08.55, 09.20 100 мест и одна кухня 16+
11.00 Х/ф «Два мира» 12+
13.00 Х/ф «Красотки» 16+
14.55, 17.00 Т/с «Чудо-доктор» 16+
18.00, 20.00 Т/с «Волшебный участок-2» 16+
20.50 Х/ф «Разрушитель миров» 16+
22.40 Х/ф «Сингулярность» 16+
00.30 Х/ф «Миссия НЛО» 12+
02.30 Х/ф «Сверхъестественное» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «Интерны» 16+
08.00 Кто куда 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «СашаТаня» 16+
21.00, 22.00 Т/с «Универ. 10 лет спустя» 16+
23.00 Х/ф «Отдохнуть по-людски» 16+
00.50 Х/ф «Миссия в Москве» 18+
02.45, 03.30, 04.15 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 28 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Потерянная жизнь» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «Кулагины. Новые серии» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Когда горит огонь» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.55, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Магистраль» 16+
00.35 Поздняков 16+
00.55 Т/с «Агент национальной безопасности. Возвращение» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.40, 06.15, 07.00, 07.45, 09.30 Т/с «Великолепная пятерка» 16+
08.25 Ваше здоровье! 12+
09.40, 10.35, 11.25, 12.15, 13.30, 13.35, 14.25, 15.20, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-4» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 21.25, 02.30, 03.05, 03.45, 04.20 Т/с «След» 16+
22.20, 23.05, 00.55 Т/с «Свои-6» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
00.30 День ангела 0+
01.40 Т/с «Свои-5» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20, 13.00, 00.15 Ступени цивилизации 16+
08.20, 19.00 Почерк эпохи 16+
08.50, 22.15 Х/ф «И это все о нем» 12+
